



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ONORE 68 OFISYE LAPOLIS KI TE SAKRIFYE LAVI YO POU
YO SÈVI NOUYÒKÈ PARÈY YO**

*Yo te ajoute non 68 pèsonè l fòs lòd nan memoryal Ofisye Lapolis Eta Nouyòk
nan Empire State Plaza nan Albany*

*Moniman yo nan Eta a pral limen an ble aswè, 6 me a, pou onore sakrifis ofisye ki
tonbe yo epi rekonèt sèvis tout ofisye lapolis yo nan tout eta a*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te onore lavi 68 ofisye lapolis ki soti nan 11 depatman ke yo te sonje nan Seremoni Komemorasyon Souvni Ofisye Lapolis Eta Nouyòk la nan Empire State Plaza nan Albany. Yo ajoute non pèsonèl lapolis ki te mouri nan lapolis epi ki te sakrifye lavi yo pou sèvi konpatriyòt Nouyòkè parèy yo nan moniman an, ki kounye a gen ladan l non 1,908 ofisye lapolis ki soti nan 155 ajans atravè Eta a, ak sis ajans federal. Gouvènè a te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) ki deziyen 6 me kòm Jou Memoryal Lapolis epi e mande pou moniman yo nan Eta a limen an ble aswè pou rekonèt sèvis tout ofisye lapolis yo nan tout Eta a.

"Jodi a nou onore lavi gason ak fanm ewoyik ki te fè sèman pou pwoteje Nouyòkè yo epi ki te pèdi lavi yo nan egzèsis fonksyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jou apre jou, ofisye lapolis nou yo ak fanmi yo fè sakrifis siprèm nan sèvi kominote pa yo, epi mwen pwofondman rekonesan anvè moun brav sa yo ki konsakre lavi yo pou kenbe sekirite piblik la."

Yo pral limen moniman sa yo an ble aswè a.

- 1 World Trade Center
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)

- Moynihan Train Hall
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson

Plis pase 500 ofisye fòs de lòd, manm fanmi ak zanmi te asiste seremoni an, kote Gouvènè Hochul te fè diskou.

Lanmò pandan Egzèsis Fonksyon yo

Biwo Cherif Konte Genesee

Sèjan Thomas A. Sanfratello t ap travay nan yon ekip espesyal nan Batavia Downs Gaming & Hotel lè li te entèvni pou ede ajan sekirite yo ak de kliyan pètibatè. Pandan yo t ap eseye arete youn nan kliyan yo, lòt la te atake Sèjan Sanfratello. Toulede moun yo te goumen ak Sèjan an, ki te tonbe pandan lit la epi li te mouri nan diskisyon an. (10 Mas 2024)

Depatman Lapolis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD)

Detektif Jonathan E. Diller t ap mennen yon ankèt devan 19-19 Mott Avenue nan limit 101è awondisman nan Queens lè li te pran yon bal nan vant, epi li te mouri akòz blesi a. (25 Mas 2024)

Lapolis Eta Nouyòk

Sèjan teknik John M. Grassia III, ki te yon Ofisye Adjwen Chèf 2 nan Gad Nasyonal Lame Ameriken an epi ki te pilòt UH-60M tou, te mouri nan yon aksidan elikoptè pandan l t ap patwouye fwontyè Etazini ak Meksik la. Li te sèvi nan Kowet epi yo te asiye li nan Twoup K, G, epi, apre lanmò li, nan Divizyon Aviyasyon an. (8 Mas 2024)

Biwo Cherif Konte Oswego

Adjwen Cailee R. Campbell t ap reponn a yon aksidan veyikil a motè ijans nan Vil Palermo, lè machin li an te frape, li te chavire epi li te ateri sou twati li, pandan li t ap vwayaje sou County Route 176 nan Vil Volney. Li pa t reyaji sou plas epi yo te transpòte l nan sal dijans lopital Oswego kote yo te deklare li mouri. (25 Septanm 2024)

Biwo Cherif Konte Onondaga (Onondaga County Sheriff's Office)

Lyetnan Michael A. Hoosock t ap chèche epi li te lokalize yon veyikil ki te sove pou yon kontwòl sikilasyon Depatman Lapolis Syracuse pi bonè nan jounen an. Lè lapolis Syracuse te rive lakay kote machin nan te pake a, yo te tandè bri yon fizi yo te tire nan lè a. Ofisye yo te mete yon perimèt, epi sispèk la te soti nan yon kay avwazinan, li te fè yon anbiskad sou Lyetnan Hoosock, ki te mouri nan atak la. (14 Avril 2024)

Depatman Lapolis Syracuse

Ofisye lapolis Michael E. Jensen t ap mennen ankèt sou yon chofè ki te sove apre yon kontwòl sou wout la lè sispèk la te tire sou ofisye ki t ap reponn yo, li te blese mòtèlman Lyetnan Hoosock, Biwo Sherif Konte Onondaga a, ak Ofisye Jensen ki te reyisi riposte, pandan l t ap kache dèyè machin patwouy li a, anvan li te mouri akòz blesi mòtèl li yo. (14 Avril 2024)

Lanmò ki asosye ak Ground Zero yo

Yo te ajoute pou premye fwa non ofisye ki te mouri akòz maladi ki gen rapò ak Ground Zero nan memòryal la an 2008. Avèk adisyon 60 non ane sa a, lanmò sa yo kounye a totalize 504.

Lanmò ki gen rapò ak World Trade Center 11/09 la

Depatman Lapolis Konte Nassau

Lyetnan Detectif Christopher A. Cizmarik (27 desanm 2023)

Chèf Kevin G. Canavan (30 jen 2024)

Ofisye lapolis Philip J. Schifini (27 novanm 2024)

Depatman Lapolis Vil Nouyòk

Detektif Cliff Acosta (19 mas 2021)

Sèjan Charles A. Afanasewicz (4 jiyè 2023)

Chèf Michael Ansbro (29 jen 2023)

Lyetnan Salvatore W. Bertocci (20 mas 2023)

Lyetnan James V. Buebendorf (28 janvyè 2023)

Sèjan William A. Burkel (15 janvyè 2024)

Lyetnan Raymond Buzzo (12 avril 2023)

Detektif Kenneth B. Campbell (25 jiyè 2024)

Sèjan Yolanda Carberry (19 me 2023)

Sèjan Frank J. Cimmino (23 mas 2024)

Detektif William F. Clancy (26 novanm 2021)

Ofisye Lapolis Gerard J. Coggins, Sr. (28 Janvyè 2023)

Detectif Joseph S. Cordaro (7 novanm 2022)

Sèjan Leonard Davis (21 oktòb 2023)

Lyetnan James T. Delaney (10 mas 2022)

Sèjan Theresa H. Foiles (24 septanm 2023)

Detektif Herbert Fonseca (21 janvyè 2024)

Lyetnan Steven R. Galan (19 jen 2023)

Ofisye lapolis Joseph P. Geschwind (17 me 2023)

Ofisye Lapolis Jorge L. Gonzalez (11 me 2020)

Ofisye Lapolis Gregory A. Green (9 fevriye 2021)

Detektif Peter J. Grzymalski (29 avril 2023)

Ofisye lapolis Louis T. Haarstick (28 fevriye 2023)

Sèjan Paul R. Hargrove (8 mas 2024)

Detektif Adam Jangel (16 avril 2023)

Detektif Kurt E. Jones (27 Out 2023)

Ofisye Lapolis John E. Kilpatrick (16 avril 2024)

Ofisye Lapolis Carlo S. Krecic (5 septanm 2023)
Ofisye Lapolis Stephen M. Liell (30 desanm 2022)
Ofisye Lapolis Brendan McGarry (14 avril 2022)
Detektif Scott A. McKenna (28 jiyè 2023)
Ofisye Lapolis William McNaughton (7 desanm 2023)
Ofisye Lapolis Thomas W. Miller (22 fevriye 2023)
Sèjan Wanda E. Negron (19 oktòb 2023)
Chèf Gerald Nelson (10 me 2024)
Kapitèn Steven J. Paveglio (23 avril 2023)
Ofisye Lapolis Ronald Raskin (17 mas 2023)
Detektif Edwin Rodriguez (22 oktòb 2022)
Detektif Braulio Rosario (4 novanm 2023)
Ofisye Lapolis Brian J. Rutherford (20 septanm 2022)
Ofisye Lapolis Denis C. Ryan (11 oktòb 2022)
Detektif Hector J. Santiago (9 avril 2023)
Sèjan Jack Santora (14 jiyè 2023)
Ofisye Lapolis Joseph M. Stillitano (21 mas 2024)
Detektif Jewel I. Todman-Phillip (23 jen 2020)
Detektif Michael Torrisi (13 out 2013)
Non Ofisye Lapolis Randy Van (26 desanm 2022)
Lyetnan John S. Welch (6 avril 2023)
Ofisye Lapolis Alfred G. Williams (8 avril 2024)

Polis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk la

Lyetnan David J. McShane (23 janvyè 2024)

Lapolis Eta Nouyòk

Sèjan Estaf Benedicto Albizu Jr. (9 me 2024)
Trooper Steven P. Bilodeau (22 out 2024)
Envestigatè Prensipal John L. Carey (24 oktòb 2024)
Patwouye Steven A. Tyrrell (7 fevriye 2024)

Depatman Lapolis Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Kapitèn Lapolis John M. Collins (26 avril 2024)
Ofisye lapolis Anthony J. Mezzacappa Jr. (14 me 2024)

Depatman Lapolis Vil Newburgh (Town of Newburgh Police Department)

Sèjan William E. McLean III (5 me 2024)

Yo te ajoute tou de lanmò istorik nan memoryal la.

Biwo Cherif Konte Monroe

Sheriff Adjwen Lewis Miles t ap konvoke yon jiri lè li te fè yon kriz kadyak ki te touye l. (6 Oktòb 1885)

Depatman Lapolis Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Ofisye lapolis Anthony M. Varvaro te pral travay kòm yon manm nan ekip sekirite a pou 21^e komemorasyon 11 septanm lè yon machin te touye l. (11 septanm 2022)

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a kowòdone seremoni ak travay Komite Konsiltatif Memoryal Ofisye Lapolis la. Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) eta a jere memoryal la epi Komisè li a ap sèvi tou nan Komite a.

Komisè Divizyon Jistis Kriminèl Eta Nouyòk (New York State Division of Criminal Justice) la, Rossana Rosado, te deklare, "Panse nou ak kondoleyans nou ale jwenn fanmi ak pwòch ofisye lapolis kouraje sa yo ki te konsakre lavi yo pou pwoteje konpatriyòt Nouyòkè yo. Sakrifis yo a egzanplifye pi wo ideyal sèvis piblik yo, epi nou pwofondman rekonesan. Nou reyini pou onore eritaj yo jodi a epi asire memwa yo dire pandan tout jou k ap vini yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk la, Jeanette Moy, te deklare, "Nan okazyon solanèl sa a, nou rejwenn Gouvènè Hochul pou onore sakrifis gadyen lapè yo ki te bay lavi yo pou sèvi Nouyòkè yo. Nan OGS, nou fyè de wòl nou kòm moun k ap pran swen Moniman Ofisye Lapolis Eta Nouyòk la, ki rann omaj ak kouraj ak devouman ofisye lapolis ki mouri yo tout pandan n ap bay fanmi yo, kòlèg yo ak zanmi yo yon espas pou solitid ak refleksyon."

Yo te baze memoryal la sou konsepsyon konsèp Colleen Dillon Bergman te sijere a, li se pitit fi Emerson J. Dillon Jr., yon veteran nan Lapolis Eta Nouyòk la pandan 16 ane, yo te touye li pandan li t ap egzèse fonksyon li an 1974. Bergman te sijere tou pou yo mete non ofisye lapolis yo nan moniman komemoratif la san konsidere grad yo. Nan yon lèt li te voye bay komite yo te mete sou pye pou sipèvizite kreyasyon moniman komemoratif sa a, li te eksplike: "Li pa enpòtan kèlkeswa depatman yo soti, ou santi pèt la menm jan." Yo te ekri mo sa yo nan moniman komemoratif la tou.

Kritè Enklizyon Memoryal

Pou yo mete yon moun [nan memoryal la](#), li dwe te yon ofisye polis jan Lwa Pwosedi Kriminèl eta defini sa a oswa moun lan te yon anplwaye tankou yon ofisye fòs lapolis federal epi li te fè menm travay oswa te gen prèske menm responsabilite jan lalwa defini sa a. Aplikasyon nan DCJS pou enklizyon sou memoryal la dwe fèt pa ajans ki te anplwaye ofisye yo.

Anplis Komisè Rosado ak Moy, moun sa yo sèvi nan Komite Konsiltatif Memoryal la: Charles Murphy ki se Prezidan Asosyasyon Volontè Lapolis Manm Patwouy (Police Benevolent Association, PBA) Eta Nouyòk, Michael O'Meara ki se Prezidan Konferans Lapolis Nouyòk (Police Conference of New York) la. Patrick Phelan, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Chèf Lapolis Eta Nouyòk (New York State Association of Chiefs of Police); Peter R. Kehoe, ki se Direktè Egzekitif Asosiyasyon Cherif Eta Nouyòk la (New York State Sheriffs' Association); Patrick Hendry, ki se Prezidan Asosiyasyon

Patwouyè Byenveyan Vil Nouyòk la (Patrolmen's Benevolent Association of the City of New York) Andrew Rakowsky, ki se Prezidan Chapit Asosiyasyon Ofisyè Fòs Lapolis Federal la (Federal Law Enforcement Officers Association).

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis penal eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòm fòs de lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs de lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès ke fòs de lòd lokal yo itilize pou fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; epi kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)